

Tata Pangibadah Brayat
GKJ Rewulu
Minggu, 9 Agustus 2020

MITADOSI RANCANGANIPUN GUSTI

- Pasamuwan Jumeneng -

P2 : Dinten punika kita badhe sami sinau sesarengan kadospundi saged mitadosi rancanganipun Gusti Allah ingkang kadang kala mboten sami kaliyan pangajeng kita. Lajeng. Kados pundi kita saged nampi sedaya karsanipun Gusti Allah? Kados pundi kita saged pitados nalika taksih mangu-mangu tumrap sedaya rancanganipun Gusti Allah ingkang kaleksanan wonten ing wekdal endah?

Sumangga kita nyamektakaken ndhiri lumebet ing pangibadah brayat punika. Wekdal ening kagem kita.

--- *Wekdal ening (kaiiringan musik)*---

VOTUM LAN SALAM

PS : Pangibadah brayat punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama, sarta saking Gusti Yésus Kristus nunggil ing panjenengan sadaya.

- Pasamuwan lenggah -

KIDUNG PAMUJI

KPJ 87 : 1 – 2 “NENG KASA NGUMANDHANG ASMA”

1) Neng kasa ngumandhang asma sajuga,
kang ane pangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika,
kang kwasa nyirnakken pangrehing dosa.
Napa sami dereng wanuh, Gusti Yesus Kristus yeku asmane?

2) Wus pantes asmane lan pakaryane.
Rawuhe ing donya wit gunging sihe,
nebus tiyang dosa, sinalib seda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dereng wanuh, Gusti Yesus Kristus yeku asmane?

PANGAKENING DOSA

PS : Mateus 6: 31 - 33 “Awit saka iku aja padha sumelang lan calathu: Kang padha dakpangan apa? Utawa: Kang padha dakombe apa? Lan maneh: Kang padha daksandhang apa? Awit iku kabeh diupaya dening para wong kapis; kowe aja mangkono, awit Ramamu ing swarga wus mirsa, yen iku mau kabeh dadi kabutuhanmu. Ananging Kratoning Allah lan kasampurnane, iku padha upayanen dhisik, nuli samubarang iku mau kabeh bakal diparingake marang kowe.”

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. *(PS mungkasi kanthi pandonga)*

KPJ 45 : 1 – 2 “ANENG NGARSANE GUSTI”

- 1) Aneng ngarsane Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, aneng ngarsane Gusti.
- 2) Aneng ngarsane Gusti, tansah tetela luputku.
Mung kebak lamis uripku, aneng ngarsane Gusti.

PISUNGSUNG

P2 : Sumangga kita saos sokur dhumateng Gusti Allah, ingkang kita wujudaken wonten ing pisungsung. Pisungsung punika kita talesi kanthi pangandikanipun Gusti wonten ing Wulang Bebasan 3: 9 – 10.
Anggèn kita ngaturakén pisungsung kita kanthèni kanthi ngidungaken KPJ 160 :1, 3

KPJ 160 :1, 3 “GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA”

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
sumangga Paduka agem kawula kagunganta.
Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbeng tresna, kula pasrah Paduka.

- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,
kagama dados lantaran babaring kabingahan. Refr. : ...

Pandonga Pisungung lan Pandonga Paladosan Sabda

PALADOSAN SABDA

Pamaosing Kitab Suci

PS : (*maosaken* Mateus 14: 22 – 33)

Makaten Pangandikanipun Gusti,

Ingang rahayu inggih punika ingkang mirengaken tuwin
ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haleluya!

U : (*Ngidungaken*) Haleluya (12x)

Khotbah

Mitadosi Rancanganipun Gusti

Nalika kita nindakaken aktivitas saking griya wonten ing wekdal pandemi punika, konsentrasi ingkang dipunbetahaken langkung inggil awit godhanipun ugi langkung kathah. Raos nyaman anggenipun leyeh-leyeh, dolanan HP, nyambi kegiatan sanesipun dados godha kagem kita. Dipunbetahaken konsentrasi lan fokus ingkang ageng satemah saestu kita saged nindakaken tanggel jawab kita kanthi sae. Menawi mboten konsentrasi utawi mboten fokus, padamelan ingkang kita tindakaken mboten rampung-rampung utawi mbok bilih saged rampung ananging kasilipun mboten maksimal.

Lumantar pangandikanipun Gusti wonten ing Mateus 14: 22 – 33, dinten punika kita dipunemutaken supados saged fokus anggenipun nglampahi gesang peparingipun Gusti kanthi jejer “Mitadosi Rancanganipun Gusti”. Saksampunipun tiyang kathah sami tuwug awit mukjijat gangsal roti lan kalih ulam, Gusti Yesus dhawuh dhateng para sakabat supados nirih prau lan dhawuh dhateng tiyang kathah supados sami wangsul. Gusti Yesus lajeng ndedonga piyambakan wonten ing gunung. Wonten ing seganten, praunipun para sakabat montang-manting katempuh ing ombak awit anginipun nampek. Kawontenan punika mboten ndadosaken para sakabat kaget awit sampun pengalaman dados nelayan sakderengenipun ndherek

Gusti Yesus. Tabuh tiga dalu Gusti Yesus tindak nusul para sakabat kanthi tindak ing nginggil toya. Ananging para sakabat ingkang ningali sami ajrih lan jerit-jerit, dipunwastani wonten memedi (Ay. 26). Ajrihipun nglangkungi raos ajrih awit wontenipun angin ageng ingkang montang-mantingaken prau. Rawuhipun Gusti ingkang tindak napak seganten punika ugi ndamel Petrus kepingin bukti menawi ingkang rawuh punika saestu Gusti Yesus. “Gusti menawi saestu Paduka, kawula kadhawuhana murugi Paduka kaliyan lumampah ing nginggil toya.” (Ay. 28).

Nalika ngandelaken Gusti Yesus, fokus dhumateng pangandikanipun Gusti, Petrus saged mlampah ing nggiling toya, sinaosa taksih wonten angin. Ananging nalika fokusipun sampun geser, mboten ngener malih dhateng pangandikanipun Gusti Yesus, langkung fokus kaliyan angin, Petrus lajeng ajrih tumunten badhe kerem. Petrus enget lan nyuwun pitulungan dhateng Gusti Yesus, lajeng nampi pitulungan. Gusti Yesus enggal-enggal mulung astane, nyepeng Petrus sarta ngandika: “Heh, wong kang cupet ing pangandel, yagene kok mangu-mangu?” (Ay. 31). Cupet ing pangandel utawi kirang pitados, ndamel Petrus ambles ing seganten.

Mekatenana ugi anggen kita nglampahi gesang peparingipun Gusti, mbetahaken fokus lan konsentrasi bilih Gusti punika Allah ingkang Maha Tresna lan kagungan rancangan ingkang endah tumrap kita sedaya. Menawi bab punika sampun dados fokus gesang, langkung entheng anggen kita nglampahi gesang. Ananging kasunyatanipun perkawis lan momotan gesang ingkang kita adhepi asring ndamel fokus gesang kita blawur lan ndadosaken kita ngraosaken was sumelang, ajrih.

Kadangkala kita ugi kadosdene Petrus. Kita mangu-mangu, cupet ing pangandel, mboten pitados kaliyan berkah pitulunganipun Gusti. Nalika rancanganipun Gusti mboten sami kaliyan pamanggih kita, kita ngraosaken ajrih, sumelang, sedhih, lan kuciwa. Asring kita punika mboten sabar ngrantos proses ingkang kedah kita lampahi, kepara kita ugi sampun

nate ngantos nggadhahi pamanggih menawi Gusti mboten tresna dhateng kita.

Gusti Allah punika sanyata sae. Panjenenganipun mboten namung milujengaken kita, ananging ugi sampun ngrancang pagesangan ingkang kebak ing pangajeng-ajeng bab tentrem rahayu. Gusti Allah sampun kagungan rancangan ingkang endah tumrap gesang kita, sinaosa kadang kala wonten ing pamanggih kita, rancangan Gusti punika mokal, kados dene Petrus ingkang mlampah ing nggiling toya. Ingkang perlu kita lampahi kanthi tekun inggih punika tansah pitados dhateng rancanganipun Gusti Allah. Sumangga kita ngadhepi gesang punika sesarengan kaliyan Gusti Allah lan sampun ngantos momotaning gesang damel kita mboten fokus malih dhumateng Gusti, sampun ngantos kita cupet ing pangandel bilih Gusti kagungan rancangan tentrem rahayu tumrap kita. Fokusipun sanes kapan kaprihatosan punika sirna, ananging fokusipun inggih punika Astanipun Gusti tansah nuntun lan njangkung, paring kakiyatan satemah kita saged setya mitadosi rancanganipun Gusti ingkang endah tumrap gesang kita. Amin.

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT (PS)

- Kasagedna tansah mitadosi rancanganipun Gusti.
- Sedaya pehak kasagedna njagi kawontenan nindakaken imbauan, supados pandemik saged enggal sirna.
- Kaparingan kakiyatan, panglipur, kacekapan, lan kasarasan.
- Kasagedna nyawisaken tatanan gesang enggal (adaptasi kehidupan baru)
- Donga Rama Kawula

- Pasamuwan Jumeneng -

PANGAKEN PITADOS (P2)

P : Pasamuwan ingkang kinasih ing Sang Kristus, sumangga sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah papan lan wekdal, kita ucapaken malih pangaken pitados kita laras kaliyan Pangaken Pitados Rasuli.

“Kawula pitados

PANGUTUSAN

KPJ 123: 1 “KULA PITADOS MRING GUSTI”

- 1) Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah.
Saéstu kula ungséni, dimén rineksa tansah.
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.
Refr : Kula tan was-sumelang; Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumandhang, gesang manut sabdanya

BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
Dadosa seksinipun Sang Kristus.
Lan tampènana berkahipun Gusti,
“ Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan
(kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng
panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun
dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu.
Amin.

PANUTUP

KPJ 123: 2 “KULA PITADOS MRING GUSTI”

- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya
Ngerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga
Siyaga tansah leladi ing sakatoning driya
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada. Refr. : ...